

# Kèk konsèy pou aprann itilize vaz timoun pou twalèt (potty)

Kòman m ka konnen si timoun mwen an pare pou aprann itilize vaz timoun pou twalèt?

Li pi fasil pou aprann pitit ou itilize vaz la **lè pitit ou a pare pou sa**. Kèk timoun ka pare pou aprann itilize vaz avan 24 mwa, men pi fò timoun pare pou sa ant 24 a 36 mwa.

**Sonje:** se pa paske w pare ki fè piti ou a pare tou.

**Men kèk siy ki montre pitit ou a ka pare pou aprann itilize vaz la:**

- Mande pou yo chanje kouchèt li lè sak sou li a sal.
- Si li an kòlè lè yon aksidan rive l epi li vle yo netwaye l.
- Si li kache lè li prale nan twalèt.
- Montre li gen enterè nan ale nan twalèt yo epi / oubyen kijan lòt moun itilize yo.

**Fè bon jan aranjman pou montre li itilize vaz la:**

Pou montre li itilize vaz la, **ou gen chwa** nan sa ki konsène aranjman w ap fè. Ou kapab:



Chèche jwenn **yon ti vaz pou timoun** (ou ka mete atè a). Yo rekòmande kalite vaz sa yo paske li pi fasil pou timoun yo jwenn li byen vit si yo bezwen ale nan twalèt.



Mete **yon chèz twalèt pou timoun sou tèt yon twalèt nòmal**. Mete yon **mach anba pye** timoun ou an pou l ka kenbe kò l byen. Sa pèmèt yo ale nan twalèt pi fasil.



**Si ou chwazi yon vaz pou timoun**, fè timoun ou an sèvi avè l mwens souvan oswa pi souvan li swete fè sa. Pitit ou a ka jwe avèk twalèt la. Li ka mete jwèt yo ladann. Yo ka chwazi chita sou li avèk rad oubyen san rad. Tout sa yo byen epi yo nòmal.



## Bay rekonpans epi evite pinisyon:

- **Bay ti rekonpans**, tankou otokolan oubyen sirèt, bonbon elatriye. Rekonpans se yon bon mwayen pou motive pitit ou a lè li ap fè yon bagay ki nouvo.
- **Pale pawòl ki pozitif pandan aprantisaj fè pwòpte a.** Ankouraje epi felisite pitit ou a chak pa li fè nan aprantisaj fè pwòpte a (tankou di l li dwe al fè netwayaj, li dwe mete souvètman oubyen chita sou twalèt la).
- **Sèvi ak yon tablo pou swiv siksè li yo.** Itilize yon moso papye kòm tablo rekonpans. Kite pitit ou an mete yon otokolan oubyen yon so chak fwa li itilize vaz la.
- **Ofiramezi l ap amelyore nan sèvi ak vaz la, sa fè li vin pi difisil pou yo jwenn rekonpans.** Ba li yon rekonpans si yo pa mouye kò yo pandan tout maten an oswa pandan tout jounen an. Kite yo chwazi yon pè souvètman ki fè yo plezi pou gate li.
- **Evite pinisyon.** Si ou santi w fristre, pitit ou a ka pa ko pare pou aprann itilize twalèt la. Rekòmanse itilize kouchèt pito pandan kèk semenn, epi eseye ankò.



## Kreye yon woutin:

- **Kite pitit ou a vini nan twalèt la avèk ou pou l ka wè kijan w fè sa.** Sa ap ede yo kenbe woutin nan, tankou lave men aprè yo sot nan twalèt.
- **Etabli orè pou itilize vaz la.** Ankouraje pitit ou an pou l chita sou vaz la avan lè pou l benyen an oubyen byen bonè nan maten. Mande li pou li chita sou vaz la pandan 20 minit aprè yo fin manje oubyen bwè yon bagay.
- **Ajoute itilizasyon vaz la nan istwa ak jwèt imajinatif yo.** Pa egzanp, gen anpil liv ki gen ladan yo moun k ap aprann itilize vaz.
- **Fè pitit ou a itilize vaz la** si ou remake li gen twalèt (tata). Se chwa pa li. Si li chwazi pa itilize vaz la, piga w montre fistrasyon ou. Si yo wè w twò manke pasyans pou itilize li, li ka plis pa vle sèvi ak

